

No. 147.23

DEKRÈ EGZEKITIF

Lè nou konsidere demann Pwokirè Jeneral la, Letitia James, m ap modifye òdonans ak règleman mwen an, ki anglobe nan Dekrè Egzekitif Nimewo san karant sèt, ki date 8 Jiyè 2015 lan, avèk dokiman sa a, pou li enkli yon paragaf adisyonèl avan dènye paragaf la jan Dekrè Egzekitif Nimewo 147.1 - 147.22 modifye l la, pou yo li konsa a:

ANOUT, egzijans Dekrè Egzekitif sa a enpoze sou Pwokirè Espesyal la dwe gen ladan ankèt sou, epi si li jistifye, pouswit:

(w) nenpòt ak tout zak oswa omisyon ilegal oswa zak oswa omisyon yo prezime ilegal yo ke nenpòt ofisye lapolis te komèt, jan yo endike nan soudivizyon 34 nan seksyon 1.20 nan Lwa sou Pwosedi Kriminèl la (Criminal Procedure Law), ki soulve nan, ki gen rapò ak oswa ki konekte nan nenpòt fason avèk lanmò Lillian Weyanna nan dat 8 Desanm 2018 nan Konte Monroe.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil
Albany nan sèzyèm jou mwa Me ane de
mil diznèf.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a